

NHANGANYAYA

ONGORORO MUUPFUPI

Jakobho, muranda waMwari newalshe Jesu Kristu, kumarudzi gumi nemaviri akapararira: Kwaziwai! Hama dzangu, muti mufaro chaiwo, pose pamunosangana nemiedzo mizhinji; muchiziva kuti kuidzwa kwokutenda kwenyu kunobereka kutsungirira. Uye kutsungirira ngakuve nemugumisiro wakakwana, kuti muve vakakwana nekukwana, musingashaiwi chinhu. (Jakobho 1:1-4)

Musimboti = "Usabvunza kuti sei, bvunza kuti chii."

Mibvunzo mitatu yokuti "chii" inobvunzwa navakundi:

1. Chii chandingagadzirisa kana nyika yangu yaparara?
2. Chii chandinofanira kuita kuti ndibudirire nhasi?
3. Ndine tariro ipi neramangwana?

Mhinduro = huChangamire hwaMwari + kunaka = Vachatora mamiriro ezvinhu zvangu akaipisisa vomashandisa muzvakandinakira kana ndikavimba navo uye ndisingabvi pamaitiro avo okuti ndikure pamweya.

1. **Dambudziko - dzimwe nguva tino "mbambashira" mukurwadziwa kwedu.**
2. **Mhinduro - Mwari vanovimbisa rubatsiro kune avo "vapererwa nezano".**

Asi kana mumwe wenyu achishayiwa uchenjeri, ngaakumbire kuna Mwari, vanopa zvakanwanda kuna vose uye asingazvidzi, uye achapiwa hake. 6 Asi anofanira kukumbira nokutenda asingakahadziki chinhu, nokuti munhu anonyunyuta akaita samafungu egungwa rinosundwa richimutswa-mutswa nemhepo. 7 Nokuti munhu uyu haafaniri kutarisira kuti achagamuchira chinhu kubva kuna She, 8 ari munhu une mwoyo miviri, unoshandukashanduka panzira dzake dzose. (Jakobho 1:5-8)

- Chipa chaMwari = UCHENJERI hunoshamisa
- Basa redu = KUBVUNZA
- Mafungiro aMwari kana tauya = VAKASUNUNGUKA uye VANOPAVHURIRA

3. **Chiga chimwe chete - Tinogashira uchenjeri hwaMwari chete kana "tikakumbira nokutenda, tisinganyunyuti."**

- “Kukumbira nokutenda” zvinoreva...
- “Pasina kunyunyuta” zvinoreva...

MHEDZISO - ZVINHU ZVINA ZVAUNOFANIRA KUITA KUTI UPUKUNYUKE

1. Bvuma kuti washaya zano.
2. Bvuma kuti haugone kuzvigadzirisira woga.
3. Kumbira kuna Mwari huchenjeri hunoshamisa.
4. Ida kuita chipi nechipi chinodiwa kuti uite nouchenjeri hwamwari.

MIBVUNZO YEHURUKURO

1. Maererano naMagwaro, “uchenjeri” chii? Izvi zvinosiyana sei namafungiro atagara tichiita uye mashandisiro atinoita izwi iri?
2. Mafungiro api anonyuka mundima iyi maererano netsitsi dzaMwari uye kunzwisira kwedu “kushaya zano” kana tave munhamo?
3. Kurukurai chimiro chimwe chete chinodiwa kuti tigamuchire chipo ichi chouchenjeri hunoshamisa kuti tikure kuburikidza namarwadzo anowanikwa mumiedzo yedu. (kokuverenga - Johani 7:17, VaRoma 12:1)
4. Idanho ripi raunofanira kutora kuti ugamuchire uchenjeri hunovimbiswa naMwari mumamiriro ezvinhu zvako pari zvino?